

# Ou Fèk Soumèt Aplikasyon Ou a Kisa ki pwochen etap yo?



- Li ka pran jiska **30 jou** pou yo trete aplikasyon w lan (90 jou pou sa ki gen pou wè ak detèminasyon andikap).
- [Enskri pou ou ka resevwa notifikasyon pa imel](#) le pli vit ke gen yon nouvo avi sou Kont MyACCESS ou an.
- Jwi sèvis Paperless yo pou ou ka resevwa estati aplikasyon ou an ak enfòmasyon sou avantaj yo pi vit!

## Etap 1: Yo ap revize aplikasyon w lan pou detèmine si w bezwen yon entèvyou

Si w bezwen yon entèvyou:

- Ou ap resevwa yon apèl nan **10 jou** nan nimewo telefòn ke ou bay nan aplikasyon w lan.
- Si nou pa kapab kontakte w, n ap kite yon mesaj vokal epi n ap voye yon avi pou ou.
- Pandan entèvyou a, y ap poze w kesyon sou sityasyon lakay ou.
- Yo ka poze w kesyon tou pou ede yo verifye idantite w.

## Etap 2: Ou ka bezwen bay plis enfòmasyon.

- Ou ap resevwa yon avi ki eksplike ki enfòmasyon yo mande yo ak dat limit pou ou soumèt enfòmasyon sa yo.
- Ou ka soumèt dokiman ou yo:
  - Lè ou telechaje dokiman nan [kont MyACCESS ou a](#),
  - Poste dokiman yo bay: ACCESS Central Mail Center PO Box 1770 Ocala, FL 34478-1770,
  - Fakse dokiman yo nan (866) 325-6023, oswa
  - Soumèt dokiman yo nan yon [biwo DCF](#) oswa [Biwo Patnè Kominotè](#).
- Tanpri ekri # AKSÈ oswa # ka ou a sou tout dokiman ou ap voye yo.
- Tanpri ban nou **3 jou ouvrab** pou nou montre sou Kont MyACCESS ou a ke nou resevwa enfòmasyon yo.

## Etap 3: Yo resevwa enfòmasyon w yo, epi y ap trete aplikasyon w lan.

Bezwen w yo enpòtan, e nou vle asire ke chak fanmi yo resevwa avantaj ki kòrèk la, men li ka toujou pran jiska **30 jou** pou nou fini aplikasyon w lan (90 jou si w bezwen yon detèminasyon andikap).

## Etap 4: Elijiblite w lan detèmine!

Si w kalifye pou Asistans Manje  
oswa Asistans Lajan Kach:

- Ou ap resevwa yon kat Avantaj Transfè Elektwonik (EBT) pa lapòs nan **5-7 jou** apre apwobasyon an.
- Si ou te resevwa avantaj sou menm ka a nan **25 mwa ki sot pase yo**, sèvi ak menm kat EBT a.
- Ou ka mande yon kat ranplasman atravè [kont MyACCESS ou a](#), aplikasyon mobil ebtEDGE a, oswa lè w kontakte Sèvis Kliyan EBT a nan (888) 356-3281.

Si w kalifye pou Medicaid:

- Ou ap resevwa yon kat lò Medicaid pa lapòs pou manm kay ki elijib yo nan **2-3 semèn**.
- W ap resevwa enfòmasyon sou [Medicaid Choice Counseling](#) nan men Ajans pou Administrasyon Swen Sante a (AHCA) si w bezwen chwazi yon plan jesyon swen.
- Kontakte Medicaid Choice Counseling nan (877) 711-3662 pou ou ka chwazi yon plan jesyon swen.

Si ou pa elijib pou youn oswa pou tout avantaj yo:

- Ou ap resevwa yon avi pa lapòs ak sou kont MyACCESS ou a ki eksplike w poukisa ou pa kalifye.
- Si ou pa dakò ak detèminasyon kalifikasyon an, ou gen dwa pou ou mande yon odyans san patipri nan 90 jou apati dat avi pa lapòs la.